

**Enstriksyon:** Fòm sa a se pou retire (anile) konsantman (pèmisyon) pou divilge dosye edukasyon (ki gen ladan dosye Pwogram Entèvansyon Bonè (Early Intervention Program)) pou timoun ak adolesan ki te enskri nan yon Mezon Sante. Se paran an ki dwe bay retrè konsantman pou divilge dosye edukasyon pou timoun ki poko gen 18 tan. Se moun nan ki dwe bay retrè konsantman pou divilge dosye edukasyon pou moun gen 18 tan.

\_\_\_\_\_ EKRI NON HEALTH HOME AN LÈT DETACHE

\_\_\_\_\_ EKRI NON TIMOUN/PASYAN/KLIYAN AN LÈT DETACHE

\_\_\_\_\_ DAT NESANS

Depi mwen siyen fòm sa a, mwen deklare mwen pa vle

\_\_\_\_\_ EKRI NON LEKÒL/OFISYÈL ENTÈVANSYON LOKAL BONÈ/FOUNISÈ(YO) SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ

divilge dosye edukasyon pou \_\_\_\_\_ ba moun ki endike anba la yo:

\_\_\_\_\_ EKRI NON TIMOUN/PASYAN/KLIYAN AN LÈT DETACHE

\_\_\_\_\_ NON MEZON SANTE A

\_\_\_\_\_ NON AJANS JESYON SWEN SANTE NAN KAY

\_\_\_\_\_ NON DOKTÈ A

\_\_\_\_\_ LÒT

\_\_\_\_\_ LÒT

Depi mwen siyen fòm sa a, mwen rekonèt:

- Mwen retire pèmisyon mwen ou divilge dosye edukasyon ba founisè ki gen non yo endike anwo a;
- founisè sèvis ki gen enfòmasyon edukasyonèl sa yo deja pa gen pou remèt yo oswa yo pa gen pou retire yo nan dosye pa yo;
- yo pa dwe divilge dosye edukasyonèl yo ba founisè sèvis ki gen non yo endike anwo a apati dat sa a;
- enfòmasyon sa yo ap toujou pwoteje anba lwa ak règ New York State ak Etazini;
- si mwen retire konsantman an sa p ap gen konsekans sou resepsyon Pwogram Entèvansyon Bonè oswa pwogram ak sèvis edukasyon pa mwen oswa pa pitit mwen (jan sa apwopriye); epi
- y ap bay tout sèvis obligatwa ki nan Plan Sèvis Fanmi Endividyèl oswa Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) pa mwa oswa pa pitit mwen gratis pou mwen.

**Pou timoun ki poko gen 18 tan:**

**Pou timoun ki gen 18 tan ak plis:**

\_\_\_\_\_ EKRI NON PARAN TIMOUN NAN AN LÈT DETACHE

\_\_\_\_\_ EKRI NON TIMOUN/PASYAN/KLIYAN AN LÈT DETACHE

\_\_\_\_\_ SIYATI PARAN TIMOUN NAN

\_\_\_\_\_ SIYATI TIMOUN NAN/PASYAN AN/KLIYAN

\_\_\_\_\_ DAT LA

\_\_\_\_\_ DAT LA

## Detay sou Enfòmasyon Pasyan an ak Retrè Konsantman pou Divilge Dosye Edikasyon

### 1. Yon paran dwe siyen konsantman an pou anile (retire) pèmisyon pou divilge dosye edikasyonèl pou timoun ki poko gen 18 tan.

#### Kimoun ki kalifye kòm paran?

Yon paran gen ladan yon paran natirèl, yon responsab legal, oswa yon moun k ap pran desizyon kòm yon paran lè yon paran oswa yon responsab legal pa disponib [34 CFR § 99.3]. Paran vle di yon paran byolojik oswa yon paran adoptif, yon gadyen yo chwazi legalman ki gen otorizasyon anjeneral pou pran desizyon kòm yon paran timoun nan oswa ki gen otorizasyon pou pran desizyon edikasyonèl pou timoun nan oswa yon moun ki gen relasyon paran [8 NYCRR§200.1(ii)] [ § 2541(14) Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL), 10 NYCRR§69-4.1 (ah),(ai)]. Yon moun ki nan relasyon paran avèk yon lòt moun dwe gen ladan papa li oswa manman li, nan nesans oswa adopsyon, bòpè li oswa bèlmè li, gadyen chwazi legalman oswa responsab legal li. Yo dwe konsidere yon moun kòm responsab legal yon lòt moun si li responsab ak pran swen moun nan paske paran yo oswa gadyen yo chwazi legalman pou moun nan te mouri, nan prizon, gen maladi mantal, oswa yo te mete li nan yon enstitisyon, oswa, paske yo te abandone moun nan oswa l ap viv deyò eta a oswa yo pa konnen kote li ye [Ed.L. § 3212]. Yon paran ka chwazi yon lòt moun kòm yon moun ki nan relasyon paran pou pran desizyon alapas paran byolojik la oswa paran adoptif la (tankou yon granparan, yon boparan, oswa lòt manm fanmi timoun nan ap viv avèk yo) dapre tit 15-A Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Yon paran gen ladan tou yon paran ranplasman ofisyèl entèkansyon bonè oswa distri lekòl te chwazi pou pran desizyon edikasyonèl sou non tibebe/jèn bebe oswa elèv [10 NYCRR 69-4.16(d)], [8 NYCRR §200.5(n)]. Yon paran pa gen Leta si tibebe a/jèn bebe a oswa elèv la se yon timoun ki anba swen Leta [8NYCRR §200.1(ii)(1)] [10 NYCRR 69-4.16].

### 2. Kijan founisè sèvis yo pral itilize enfòmasyon sa yo pivevan?

Founisè sèvis yo pa ka divilge oswa itilize enfòmasyon edikasyonèl sa yo ankò.

### 3. Kisa k ap pase dosye edikasyonèl sa yo?

Founisè sèvis ki deja gen enfòmasyon sa yo ap kenbe enfòmasyon edikasyonèl sa yo, men yo toujou dwe pwoteje enfòmasyon yo depi yo swiv lwa ak règ New York State ak Etazini.

### 4. Ki lwa ak règ ki konsène fason yo kapab divilge enfòmasyon edikasyonèl timoun sa a?

Lwa ak règleman sa yo gen ladan Lwa federal 1974 sou Dwa pou Edikasyon Fanmi ak Enfòmasyon Prive (Family Education Rights and Privacy Act of 1974, FERPA) [34 CFR Part 99], Lwa New York sou Pwoteksyon Enfòmasyon Pèsonèl (Personal Privacy Protection Law, PPPL) [Lwa Fonksyonè Piblik §§91-99], Lwa New York sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL) ak règleman ki detèmine Pwogram Entèkansyon Bonè [Tit IIA Atik 25 ak 10 NYCRR §69-4], Lwa sou Edikasyon Moun Andikape (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) [20 U.S.C. 1417 et seq.] ak aplikasyon règleman nan 34 CFR §300.610 jiska 300.627 ak Pati 300 ak 303.

### 5. Kimoun ki kapab jwenn ak wè enfòmasyon edikasyonèl sa yo apre mwen retire konsantman sa a?

Apati dat ou siyen fòm sa a, moun ki endike sou fòm sa a p ap resevwa okenn nouvo enfòmasyon ankò, men yo pa kapab remèt enfòmasyon nou te deja divilge ba yo.

### 6. Kisa pou mwen fè si yon moun itilize enfòmasyon edikasyonèl sa yo san pèmisyon?

Si ou panse yon moun te itilize enfòmasyon edikasyonèl sa yo san pèmisyon, paran oswa elèv ki kalifye a ka voye yon plent alekri nan Biwo Konfòmite avèk Règleman sou Fanmi (Family Policy Compliance Office) anba Lwa sou Dwa pou Edikasyon Fanmi ak Enfòmasyon Prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) nan adrès ki endike anba la a:

U.S. Department of Education  
400 Maryland Avenue, SW  
Washington, DC 20202-8520

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou soumèt yon plent ale sou sitwèb  
<http://www2.ed.gov/policy/gen/guid/fpco/ferpa/index.html> oswa rele nimewo 1-800-872-5327.

### 7. Konbyen tan anilasyon konsantman mwen ap dire?

Anilasyon konsantman ou ap dire pou toutan.

### 8. Kisa pou mwen fè si mwen chanje lide pita epi mwen vle divilge enfòmasyon edikasyonèl yo ankò?

Si ou chanje lide, ou dwe siyen yon nouvo Konsantman pou Divilge Dosye Edikasyonèl yo.

### 9. Si ou chanje lide, ou dwe siyen yon nouvo Konsantman pou Divilge Dosye Edikasyonèl yo.

Apre ou siyen Anilasyon Konsantman sa a pou Divilge Dosye Edikasyonèl, n ap voye yon kopi ba ou.